

# MAG-ADD

POU YON SITWAYEN EKORESPONSAB

Accompagner la construction et l'expression citoyennes de 20 adolescent-e-s de Kenscoff pour une transition écologique et sociale en Haïti



**10 Konsèy pou vin yon ekoresponsab**

**Kèk bêt ki demonize  
an ayiti**

**Atelye Fòmasyon  
Animasyon nan lekòl  
Vizit ak randone**

**Vizit gide nan Santral elektrik  
« Ondes vertes »  
Mo paran adolescent yo  
Pwodiksyon adolescent yo**



Tous droits réservés



**Brot  
für die Welt**



Groupe d'Action  
Francophone pour  
l'Environnement

N° 1-desanm 2022

# Kontni

<b>Penti reyalite a .....</b>	<b>2</b>
<b>Komite suivi .....</b>	<b>3</b>
Atelye Fòmasyon	
<b>Aktivite ki déjà reyalize.....</b>	<b>4</b>
Animasyon nan lekòl	
Vizit gide ak randone	
<b>Vilaj binasyonal Alternatiba.....</b>	<b>8</b>
<b>Adolesan yo swete tout moun yon Bòn ane .....</b>	<b>9</b>
Vizit gide nan Santral elektrik « Ondes vertes »	
Mo paran adolesan yo	
<b>Pwodiksyon adolesan yo .....</b>	<b>14</b>
Ki kote pyebwa yo fè?	
<b>Dis konsèy pou w vin yon ekoresponsab.....</b>	<b>16</b>
<b>Lis kèk bèt yo demonize an ayiti .....</b>	<b>17</b>

**Kredi foto ak imaj**

ZAKAFIM production

Manuel Raphael

René Durocher

GAFE

**Dizay ak mizanpaj:**

Dorcas Kemberling Marcelus

**Responsab biblikasyon**

Maudeline Cherilus

**Tous droits réservés**

## Penti reyalite a



**Maudeline Cherilus**  
akonpayatris adolesan nan pwogram "Accompagner la construction et l'expression citoyennes de 20 adolescent-e-s de Kenskòf pour une transition écologique et sociale en Haïti".

Nan tout sosyete k ap fè pwogrè oswa ki chwazi wout sa, toujou pran ak anpil kon siderasyon demen yo. Se pou sa yo bay anpil enpòtans ak sila ki pi jèn yo. Se yo menm k ap vin sitwayen, e se yo ki pral pote tout valè ki te konstui yo. Li klè, pou lavni an garanti fòk jodia prepare, tankou pwovèbla di : « pa gen sekrè nan fè kola ». Se jenès la ki pou prepare pou sa.

Se nan sans sa a, « Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement » (GAFE) an sanm ak kèk lòt patnè ki kon syan de reyalite a, mete sou pye pwogram «Akonpanye konstriksyon ak ekspresyon sit-

wayèn kay jèn nan 6 komin pou yon lòt anviwònman ak yon lòt sosyete ».

84 jèn ki gen ant 18 a 25 lane ki soti nan komin Vèrèt, Mibalè, Beladè, Site Solèy, Kafou ak Kenskòf jwenn fòmasyon ak sipò pou rive pote kontra pou yon lòt an viwònman ak yon lòt sosyete nan tout peyi a pou moun ki pretann vin dirije yo a gen yon modèl. 14 jèn nan chak komin sa yo deja tanmen jwe wòl yo antanke sitwayen.

Nan komin Kenskòf, anplis de 14 jèn, genyen 20 adolesan, ki jwenn fòmasyon pou yo kapab sensiblize lòt adolesan sou pwoteksyon anviwònman a travè animasyon sou plizyè tematik nan lekòl Kenskòf yo. Adolesan yo pa deside rete nan fè animasyon nan lekòl sèlman, yo deside fè premye piblikasyon yo, pou plis moun, kapab konnen kòman pou pwoteje anviwònman yo, jere fatra yo, pwoteje la vi sou tou fòm. Magazin sa ke yo batize : Mag-Ado

Antanke moun k ap akonpanye adolesan sa yo, mwen envite nou li epi aplike chak konsèy yo pral pataje ak nou.

**Maudeline Cherilus**

## Romite suivi



Travay ak adolesan difisil anpil. Men gras ak devouman, detèminasyon ak dinamis manm komite suivi ak pedagojik yo ki nan uit (8) lekòl nan komin nan, travay sa vin plis pase yon pasyon. Depi nan kòmansman pwosesis la, Ekip teknik GAFE la (Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement) ki se enstitisyon k ap pilote pwogram sa, te chwazi manm komite suivi ak pedagojik pou ankadre ak fasilité reyalizasyon pwogram nan, yo pa janm fatige bay kontribisyon pa y, chak fwa sa nesesè. Li vin parèt pi fasil nan tout sans, lè chak moun jwe wòl pa yo. Epi konsa, rezulta yo pale pou tèt yo.



# Aktivite ki déjà reyalize

## • Atelye Fòmasyon

Atelye sou Byodivèsite  
Jou ki te 19 mas 2022, adolesan yo te ale nan lokal inivèsite publik Sant (UPC) kote yo te patisipe nan yon atelye sou byodivèsite ak Pwofesè James Josaphat ki te detaye konsèp lavi sou tout fòm. Jis aprè, yo te fè lis zannimo ki genyen mit sou yo ki lakoz yo demonize an Ayiti.



Yon bann ak yon pakèt aktivite reyalize nan pwogram sa : Atelye fòmasyon sou plizyè tèm ki gen pou wè ak anviwònan, sosyete, responsablitè, angajman sitwayen ak yon latriye lòt bél sijè. Sa k pi bél la, aktivite sa yo pa toujou fèt nan yon sal kote tout moun chita epi gen yon moun k ap pale. Sa vle di, yon atelye konn fèt nan espas ki mache ak tèm nan, epi chak adolesan yo ap pataje sa yo konprann youn ak lòt. Epi,



yo fè sentèz tout sa yo obsève ak sa yo konprann sou asistans yon moun ki konnen plis nan domèn nan.  
Men, kisa ki pi enteresan nan tout atelye fòmasyon sa yo,

daprè ou?  
Avan ou vire paj la pou gade, ditèt ou yon bagay, jis imajine ki sa ki te ka pi enteresan ?

## • Animasyon nan lekòl

### Kisa animasyon nan lekòl yo ye ?

Animasyon yo se aktivite kote adolesan ki nan pwogram nan itilize zouti pedagojik tankou jwèt sou pwoteksyon anviwònman , sou fanmi fatra yo, sou respè dwa moun pou sansiblize timoun ak lòt adolesan ki lekòl nan komin Kenskòf. Animasyon sa yo fèt nan tèt kole ak yon yon komite suivi ak pedagojik ki nan plizyè lekòl, yo la pou sèlman asiste adolesan yo, epi fè rekòmandasyon ak ekip teknik GAFE la. Chak atelye fòmasyon pèmèt adolesan fè animasyon nan lekòl ki nan

tou, aprè kon gen pwodiksyon chan, pwezi oswa blag aprè.

Plis pase senkant animasyon deja reyalize nan uit (8) lekòl ansanm ak 200 elèv nan komin Kenskòf. Animasyon sa yo fèt nan tèt kole ak yon yon komite suivi ak pedagojik ki nan plizyè lekòl, yo la pou sèlman asiste adolesan yo, epi fè rekòmandasyon ak ekip teknik GAFE la. Chak atelye fòmasyon pèmèt adolesan fè animasyon nan lekòl ki nan

komin Kenskòf pou sansiblize lòt adolesan sou pwoblematik anviwònmantal (jesyon fatra, bêt k ap disparèt, deba sou plastik ...) pataje konesans yo genyen nan lòt domèn tou:

pa egzanp, angajman sitwayen, jaden vètikal, penti natirèl,

asèlman nan lekol,lakay, nan

lari...

Kèk Animasyon

- Animasyon ak jwèt
- Animasyon ak tèks
- Animasyon ak fim dokimantè



## • Vizit gide ak randone



Pou pale de yon lòt anviwònman ak lòt sosyete, li enpòtan pou n konnen ki anviwònman ak ki sosyete ki te genyen avan, kisa nou genyen jodia epi kisa nou vle vin genyen kòm anviwònman ak sosyete... Se pou sa,nan pwogram nan, adolesan yo deplase ale vizite plizyè sit natirèl ki nan Kenskòf la, tankou "Wynn Farm" ak chit dlo "Nan Piten" pou yo dekouvi bèle anviwònman an, Kote pataje sa yo dekouvi ansanm epi pran tan pou ekri ti chan ak ti pwezi la Nati enspire yo. Men tou yo ale nan 2 komin nan depatman Sant.

### Vizit basen Zim

Nan jou ki te 19 mas la, jis aprè atelye sou byodivèsite, adolesan yo te pran direksyon Basen Zim, akonpanye ak reprezantan kolektif jèn Kenskòf, reprezantan komite suivi ak akonpanyatris yo ki se Madam Maudeline Chérilus, Mesye Antoine Dominique k ap kowòdone pwogram nan. Rive nan rantre Basen Zim, gid la, ki se Mesye Placide, manm gwoup lokal Alternatiba Basen Zim, te deja la ap tann ekip la pou ba yo bon jan akonpayman. Se te yon bèle eksperyans



*Listwa rakonte yon jou, pandan te gen moun ki t ap fè lesiv epi benyen nan basen an, yon mesye ak cheve long ki trese te parèt nan dlo a. Tout moun te sezi, e pandan y ap rasanble plis moun pou vin wè bèle mèvèy, li disparèt nan dlo a. Gen moun ki di se mèt dlo a. Se depi lè sa yo rele I Basen ZIM. "ZIM vle di LOCS".*

ke w ap kapab viv nan bèle tèks ki pwodui aprè vizit sa.

Basen zim, se yon sit touristik k ap taye banda li nan a 8 kilomèt nan Nò komin Ench,,nan depatman Sant peyi DAyiti. Li chaje mit ak tradisyon k ap dodo meya sou li,ki lakòz an pil Pèleren toujou vini pou yon demanm oswa yon remèsiman. Yon kote mit yo anpeche li degrade plis pase jan l ye a, men yon lòt kote, touris pè vin vizite l, sa fè mwens moun konnen egzistans li.

19 mas 2022, 20 adolesan yo te vizite Basen Zim, se a travè restitusyon travay yo fè nou pral dekouvi kèk mistè Basen an genyen sou do l.

Chit dlo BASEN ZIM genyen ladann 3 lòt basen:

Basen pi, basen Kandelon, ki sere anba yon pye bwa e se non l li pote , epi twazyèm nan se basen Lakansyèl, kote moun ki konn naje fè plonje pou tonbe anba.

Anlè tèt basen yo, genyen de gwòt, se kote moun ki soti byen lwen nan tout peyi a konn vini pou fè pelerinaj.Youn nan gwòt yo,sa ki pi pitia, yo ba l pot non « Gwòt Èzili», Pèleren yo vin fè tout kalte demann. Nan gwòt ki pi gwo a, Moun vini pou remèsiman. Pou sa, yo konn pote flè kleren sakrifye bète pou montre re-konesans yo. Yo bay gwòt sa pote non « Gwòt Ogou Feray ».

## Vilaj binasyonal Alternatiba



8 ak 9 jiyè 2022, mouvman nasyonal sitwayen pou klima te òganize senkyèm vilaj yo, ki te premye vilaj Binasyonal ant Ayiti ak Republik Dominikèn ki

te fèt Los Poetes, nan mache Peyizan. Te genyen anpil aktivite tankou ekspozisyon, konferans deba, jwèt ki gen rapò ak edikasyon sou anviwònman.

Chak aktivite te espesyal nan fason pa yo. Men pou Adolesan yo, se te yon vizit gide nan santral elektrik ki nan lokalite Lasèv.

Aprè Basen Zim, se yon lòt eksperyans ki te chaje ak emosyon, non sèlman yo te viv vizit la, men tou yo te gen envite espesyal ki te pataje moman sa ansanm ak yo. Yon kote te gen reprezentan paran yo epi te genyen yon adolesant ki pa nan pwogram nan ki te patisipe nan vizit sa.

Tèks ak pawòl adolesan yo ansanm ak reprezentan paran yo epi yon adolesant ki te yon envite espesyal ap de nou dekouvi Santral Onnvèt.



## Adolesan yo swete tout moun gon Bòn ane

Akonpanye konstriksyon ak ekspresyon sitwayen hay 20 adolesan nan komin Kenshòf pou yon lòt anviwònman ak yon lòt sosyete.



*Adolesan ki nan pwogram nan ap swete nou bòn fet fen dane 2022 ak yon lane 2023 nan serenite ak anpil bél eksperyans!*

*Accompagner la construction et l'expression citoyennes de 20 adolescent-es de Renscoff pour une transition écologique et sociale en Haïti.*



*Les adolescent-es vous souhaitent une bonne fête de fin d'année 2022 et une année 2023 dans la sérénité et remplie de belles expériences!*



- Vizit gide nan Santral elektrik « Ondes vertes »



*Nan kad pwogram "Akonpanye konstriksyon ak ekspresyon sitwayèn kay 20 adolesan nan komin Kenskòf pou yon lòt anviwònman ak yon lòt sosyete" 17 sou 20 adolesan (10 gason 7 fi) te patisipe nan vilaj Alternatiba ki te fèt nan lakou Beladè soti 8 pou rive 9 jiyè 2022. Yo te ak-*



*panye ak manm komite suivi, komite pilotaj, akonpanyatris yo. Pou ede yo konprann es-pas la bien, te genyen yon gid ki te dispoze akonpanye yo epi eksplike yo moso listwa san-tral la. Jis aprè, yo te fè twa gwooup pou eksplike eksper-yans yo te fè pandan vizit la... Se vre yo te vizite menm es-pas, gid la te pale yon sèl langaj pou yo tout, men yo tout pa eksprime menm sansiblite pou la Nati, yo pa gen menm emosyon ki travèse yo.*

Tèks: Siméon Wilky, Toussaint  
 Lynn-Marah,, Orélus Rose  
 Berline, Richard Mackenson,  
 Pierre Bikenson, Jean Jacques  
 Fred Johnsley

Nou menm 20 adolesan nan komin Kenskòf ki fè pati pwogram GAFE ap mennen an te patisipe nan vilaj Alternativa, nan Beladè. Nou te gen okazyon vizite santral elektrik Onnvèt (Ondes vertes) ki nan lokalite Lasèv (La Sève). Yon Gid te pran tan pou rakonte nou istwa dlo sa, ki viin sèvi pou santral kouran pou komin Beladè. Vizit sa pèmèt nou dekouvrir yon chit dlo, se li menm ki rele Onnvèt la Dyebabrenn ! Se kote dlo a soti pou rive nan Lasèv. Sou prezidan Jean Claude Duvalier, nan lane 1983 lide pou gen yon santral elektrik te vini.

Ah ! La Nati vrèman bèl, se pa de twa bèl ti flè tout koulè ki atire abèy ki genyen. Anpil pye bwa tout kalte, men nou pa ka pa pale de pye siwèl yo k ap jete fui byen jòn atè.

Son la sigal nou pa menm ka wè . Pyebwa k ap bay frechè, bri dlo a fè depi anlè kote l soti a pou rive nan Lasèv, Zwa zo yo k ap vole epi chante, se tankou yon melodi ki envite

nou rete la.  
 Onnvèt, se kote pou tout moun ta vizite !

Chita anba pye Labapen yo, dekouvrir jan Lanati Bèl!



## ● Mo paran adolesan yo

*Gen kèk paran ki te jwenn envitasyon vin pasisipe nan vilaj la. kek ladan yo te eksprime apresyasyon yo pou pwogram nan.*



Nan kad soti ki te reyalize ak adolesan ki nan pwogram « Accompagner la construction et l'expression citoyennes de 20 adolescents-es de Kenscoff pour une transition écologique et sociale en Haïti » kote yo te patisipe nan vilaj-Binasyonal nou menm paran, nou reyalize , si tout lòt depatman peyi a te kapab benefisyé yon pwogram konsa, peyi a t ap ka jwenn chanjman tout moun swete a nan yon ti tan ki pa t ap twò long.

Pwogram nan bon pou chak adolesan ki ladann dirèk-

teman, e pou nou menm tou paran. Adolesan ki gen chans fè pati pwogram sa, gen plis opòtinite devan l pou l vin yon bon sitwayen ki renmen peyi l. Non sèlman yo aprann anpil bagay sou anviwònnman an, men tou nan soti pou vizit gide, yo obsèvè e reflechi sou sitiyasyon an. Jan de eksplorasyon sa yo ap louvri konesans yo plis epi ede yo pou yo viv byen nan sosyete.

Nan vizit ki fèt nan santral elektrik "ondes vertes", nou menm ki reprezante paran yo nou aprann anpil, Nou ta swete yon

lòt fwa gen lòt paran i patisipe, konsa yo t ap dekouvrir plis de kapasite adolesan yo, menm jan nou viv eksperyans la. Adolesan yo transmèt konesans yo jwenn nan GAFE la nan antouraj yo ak lakay yo, pa egzanp sou utilizasyon estiwofom, sachè plastik ki ka itilize yon sèl fwa. Antanke paran, nou swete aprè pwogram sa, GAFE kenbe yon kontinite pou ale pi lwen ak yo.

*Se paran sa yo ki siyen teks sa:  
 Jourdain Louidor et Katiana Jean Jacques*

# Pwo diksyon adolesan yo

## Ki kote pyebwa yo fè?

Se te sou tèt yon mòn , de pyebwa ap pataje lapenn ak penitans  
yo anba men gwo palto,

Se moman sa nou t ap pase, epi n nou pwoche pou n tande  
Se konsa, Pye chenn t ap pale ak wozo konsa:

Poukisa n ap pase mizè konsa

Poukisa se konsa yo maltrete n  
Gade kòman yo itilize n mal

Yo sot byen lwen pou yo vin pran n  
Yo fè n tounen mèb, zèv atizanal,

Yo fè ti kannòt pou vwayaje sou lanmè  
Yo fè n tounen, chabon bwapen...

Wozo a reponn pye chenn konsa:  
Men, pa gen pye pen isit la

Poukisa w plenyen pou li tou ?  
Epitou, lè yo vin pran nou

Nou toujou itil  
Si yo fè mèb ak nou ?

Pye chenn di,

Mwen plenyen pou nou tout

Lè yo fè mèb yo,

Se pou fè tèt yo plezi,

Men, nou menm

Nou se pwotekti sol,

Nou pran vye gaz ki pa bon

Epi nou bay oksijèn ak dlo dous

Nou menm ki te ret kanpe ap tande

Nou pat ka di anyen

Paske pawòl pa t pou nou

Men se se ak anpil lapenn

Pou n gade kòman anviwònman an degrade

Nou oblige ale san n pa di yon mo.

Teks ekri pa :Chéry Milouse, Jean Pierre Sabrina, Marcellus Faraud,  
Pierre Kenny Alan R. , Siméon Wilky

## An n dekouvi ansanm

### Rose-Arielle Régis

14 ans



#### Visite touristique : Centrale Onde verte

B comme Bassin

N comme Nature

C comme Citerne

Une banque, une richesse, voilà ce qu'est la Nature. Elle nous a vus grandir et elle s'est plainte de notre éloignement.

Aujourd'hui, [09 juillet 2022] j'ai rendu visite à l'un de ses bijoux. Plus précisément dans la citerne Onde verte. Elle était mêlée de joie, d'excitations et de tristesse. Ensoleillée comme jamais. Dès le premier pas, après avoir franchi la barrière qui l'isolait un peu, je me suis sentie comme attirée, accueillie par ce lieu. Les arbres formaient toute une chaîne pour accueillir ses heureux-se-s invité-e-s. La mélodie de l'eau nous sifflotait un air de bienvenue. Nous marchâmes, et le temps de contempler ce beau bijou nous arrivâmes sur un pont. Au début nous ne nous attendions pas à ce qu'il y ait ce que bon nombre d'entre nous mendions, la liberté. Je fus surprise de ressentir une telle liberté, un tel amour de la nature. J'ai visité plusieurs sites touristiques mais celui-là avait quelque chose en plus qui me faisait me sentir libre. Malheureusement je n'étais pas chaussée comme il le faut mais ma curiosité ayant pris le

dessus je n'ai pu m'empêcher d'aller trouver ce qui m'appelait. Le vertige était intense de mon côté mais comme pour me rassurer lorsque je stressais à l'idée de faire une chute ou de trébucher, une petite source se présentait devant moi et me calmait quand il le fallait. Le cheminement était excitant je n'hésitais pas à prendre des photos de ce trésor caché. Arrivée au barrage, mes yeux s'émerveillaient. Je découvris la source de cette douce mélodie. Notre guide se présenta et certain-e-s commencèrent à prendre des notes. L'eau était la source de l'électricité de la zone. Le barrage a été construit en 1983 sous François Duvalier. Il alimentait plusieurs zones dont je ne me souviens malheureusement pas des noms. Je me sentais comme sur un fil, le vertige augmentait: d'un côté il y avait la source, de l'autre la citerne. J'étais entre les deux, il n'y avait de l'espace que pour mes deux pieds, je n'osais pas regarder en bas. Je m'efforçais de ne pas le montrer, mais je tremblais. Nous arrivâmes vers 2 autres citernes à l'intérieur il y avait 6 grands trous qui amenaient l'eau vers la centrale. Le guide précisa que lorsqu'elle était mise en marche l'eau bouillonnait et les petits êtres qui avaient le malheur d'y être à ce moment mouraient, mais pour le moment elle est en panne. D'autres mesures auraient pu être prises par le gouvernement afin de la réparer mais, comme nous le savons tous et je répète mot à mot les paroles du Guide: L'État est lent.

Le guide répondit à certaines questions et nous revîmes à l'entrée. Je ne pus m'empêcher de repenser à ce que je venais de vivre. Vu mon enthousiasme pour la nature, Maudeline me permit de prendre quelques photos avec le photographe. Mon expérience a ainsi été réussie. J'ai passé un bon moment.

# Dis konsèy pou w vin yon ekoresponsab

**Anvan tout bagay, kisa ekoresponsablite a ye ?**

Se yon ansanm pratik ak konpòtman moun kapab adopte pou pwoteje anviwònman an. Pami konpòtman sa yo w ap jwenn :Refize,Ranplanse,Redui,Reyitilize, Resèvi (Repare) epi Resikle, sa yo rele prensip 6R. Yo rele yo konsa, paske premye lèt nan chak mo sa yo kòmanse ak lè R la. Moun ki respekte prensip sa yo se yon EKORESPONSAB.

Men 10 konsèy pou w vin yon Ekoresponsab

1. Toujou pote dlo w ap bezwen pou bwè nan yon bidon lè w prale lekòl oswa nenpòt kote.

2. Pa janm itilize vesò ak goblè ki fèt ak estiwofom, paske li ka bay maldi kansè, epi li pa ka degrade nan lanati

3. tilize yon valiz ki kapab itilize plizyè fwa pou w ale nan mache

4. Pa manje anpil bonbon ak sirèt ki gen anbalaj plastic ki pral fè fatra

5. Separe fatra w yo depi lakay ou, epi retounen nan tè a tout rès sa ki òganik



6. Evite gaspiyaj enèji, Pa kite anpoul ak priz konekte si w pa itilize l

7. Evite gaspiye dlo tiyo ak dlo sous yo! Si w pa p itilize dlo a, pa kite l ap koule pou granmesi

8. Itilize plis manje ki fèt nan peyi a, non sèlman li pi bon pou sante w, men w ap ankouraje peyzan yo tou.

9. Itilize vye galon ak maitit ou pa bezwen ankò pou plante flè

10. Pataje konesans ou genyen ak lòt kamarad ou pou w ka fè plis moun pwoteje anviwònman an ak sante yo

Ajoute yon konsèy paw sou ekoresponsablite ki pa nan lis la?

**10 konsèy sa yo se kontribisyon 20 adolesan ki nan pwogram nan**

# Lis kèk bêt yo demonize an ayiti



**Agranman**

Non syantifik : *Agama spinosa*, *Agama tassiliensis*, *Agama lionotus oubyen Anolis ricordii*.

Mit ayisyen yo fe konnen depi li kole sou yon moun tout tan bourik pa ranni li pa p lage l. sa vle di depi l kole sou yon moun, se lè l fin bwè tout san an li ap dekole.

Se yon reptil ki viv kote ki fè cho epi ki pa gen imidite. Ou jwenn li nan kèk peyi an Afrik ak nan Amerik la. Nan peyi Dayiti, ou fasil jwenn li kote ki gen fèy bwa k ap tonbe ak kote ki en twou wòch. Li pa rete kote pou moun wè l fasil. Li manje ensèk.



**Chat nwa**

Non syantifik: *Felis silvestris catus*.

Chat nwa se lougawou, mit

ak sipèstisyon sou chat nwa egziste depi nan tan lontan. Li makonnen ak yon lespri malefik oswa sòsèlri. Nenpòt mit la, yon chat nwa, se yon bêt domestik, li jwe wòl yon konpayonli ede nan chase rat ak sourit nan kay. Lè w rankontre yon chat, pa tiye l nepòt ki koulè l ye a.



**Wanga Nègès (Colibri nain)**

Non syantifik: *Mellissuga minima osinon Cynanthus latirostris*

Gason itilize poud li pou chame fi, fè fi renmen avè l. Se yon ti zwazo ki tou piti (li fè anviwon 7 cm longè), ak yon bèk ki long, ke li itilize pou l rale sik nan flè pou l jwenn enèji pou l viv. Lè l ap vole, li bat zèl li anviwon 100 fwa nan yon segond epi li ka fè ant 56 ak 97 km chak inèdtan.

Genyen 340 espès ti zwazo sa nan mond la, e se sèlman nan kontinan Amerik la li viv. Lè l ap vole, kè l bat mil fwa nan yon

minit se sa k fè l toujou ap chèche sik pou l ka gen enèji. Men lè l ap dòmi, batman kè l ralanti jiska yon sèl batman pa minit epi tanperati l bese tèlman ba, li pa menm ka reyaji si gen yon atak sou li. Li se sèl Zwazo ki ka vole pa bak.



**Chòv souri**

Non syantifik: *Corynorhinus townsendii*

Depi lannuit tonbe, tout chòv souri tounen lougawou, se sa granmoun toujou ap di. Poutan, Chòv souri se yon bêt ki enteresan anpil, li fè ptit tou vivan, li soti lannuit, paske l pa wè byen, men li tande fen e byen.

Li enpòtan anpil nan agrikilti pou plizyè rezon, pa egzanp kwòt li se yon angrè ki rich anpil anpil ki rele «guano». Genyen plis pase 1400 espès chòv souri nan mond la. Se vre se yon posib vektè maladi viral, men se lè genyen kontak

dirèk ak li. Se yon bêt ki merite pwoteksyon.



### Frize oswa chwèt

Non syantifik: *Strix aluco*

yo toujou di li vole sou do kay lannuit, li se lougawou. Menm jan ak Chòv souri, se yon bêt ki sòti lannuit. Se pa paske I se lougawou ki fè sa, men se konsa li viv. Li wè byen lannuit, si l vize yon pwa, li pa p rate I. Li manje rat, zwazo ki pi piti pase I, Li ede peyizan nan jaden ki gen rat k ap ravaje.



### Malfini

Non syantifik: *Buteo jamaicensis*

Sipestisyon fè konnen, depi li yon kote, li atire malè (yo men kwè Gen yon moun ki pral mouri).

Li ka viv tout kote nan zòn ki twopikal: Nan mòn tankou nan plenn. Men se yon zwazo ki ra, ou jwenn li nan Jamayik ak kèk lòt peyi ki nan Amerik Santral la.

Li ede nan chase rat nan nan jaden. Men, li manje pou tou. Menm jan ak tout lòt bêt k ap viv nou dwe pwoteje I



### Koulèv

Non syantifik: *Chilabotrus fordii*

Yo di l' se lwa, djab, Yo rele li Boa constrictor d'Hispaniola. Li andemik ak Zile Ayiti, sa vle di ou jwenn li sèlman nan peyi Dayiti ak Repiblik Dominikèn. Li pa reprezante yon danje pou moun, se zwazo, rat ak lòt reptil li manje.

Li jwe yon gwo wòl nan limite pwopagasyon maladi raj ke rat bay epi anpeche bêt ki sot lòt kote anvayi nou tankou zaoudi. An Ayiti, pa gen espès koulèv ki gen pwazon. Men gen yon pakèt ki Andemik ak Ayiti. Tankou koulèv Madeleine (ki gen 11 espès) Boa nain...

## MO KACHE EKORESPONSAB

O	K	O	N	T	A	M	F	N	A	S	V	G	H
P	R	Q	E	R	A	N	P	L	A	S	E	Y	A
O	P	A	R	I	T	S	C	R	L	E	C	M	
F	W	F	A	P	P	J	M	E	N	A	I	P	V
F	O	D	D	X	R	P	A	S	Z	S	T	O	I
B	I	K	O	N	P	O	S	I	F	A	W	L	W
A	E	Z	S	H	Y	M	K	K	A	N	A	I	O
N	K	N	E	Y	Y	X	I	L	T	T	V	S	N
J	S	X	S	G	E	S	O	E	R	E	E	Y	Y
E	Y	W	A	M	I	G	W	S	A	F	N	O	A
R	O	X	N	W	P	L	A	S	T	I	R	N	N
E	N	O	B	Y	O	D	I	V	E	S	I	T	E
Q	O	E	K	O	L	O	J	I	S	K	E	Q	T
S	O	S	Y	E	T	E	S	R	S	O	Y	Z	A

www.educol.net

ADOLESAN  
BYODIVESTE  
EKOLOJIS  
KONPOS  
LASANTE  
POLISYON  
RANIPLASE  
SITWAYEN

ANVIVONMAN  
DANIERE  
FATRA  
KONTAMINASYON  
PLASTIK  
PWOTEGSYON  
RESIKLE  
SOSYETE

### Referans

- DUROCHER René. - *Les oiseaux d'Haïti*, 2014.
- DUROCHER René. - *L'herpétofaune d'Haïti*, 2015.
- GAFE. – *Mwen se yon Eko-Responsab*, 2019  
<https://www.educol.net/>

GAFE Haiti, Fermathe 53 #53, Route de Kenscoff, Kenscoff, Haïti, W.I.

Tél: (00 509) 2813-0759, courriel: gafe\_haiti@yahoo.fr, internet: www.gafe-haiti.org, facebook: @gafehaiti

GAFE France, tél: (00.33)6.14.44.22.81, courriel: gafe.france@gmail.com